



Pou Piblikasyon Imedya: 25/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE MAINE AK RHODE ISLAND REJWENN AKÒ MILTI  
ETA POU PWOPOZE YON SANT REJYONAL POU IDWOJÈN PWÒP**

***Konsòsyòm milti-ajans ke New York ap dirije a gen ladan sis Eta ak plis pase 60  
patnè nan ekosistèm idwojèn pwòp nan***

***Patnè yo pral elabore yon pwopozisyon pou finansman lwa federal sou  
envestisman ak travay nan enfrastruktir ki ta dwe pibliye nan septanm/oktòb avèk  
jiska 8 milya dola nan finansman total ki disponib***

***Sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a pou  
diminye emisyon gaz efè sè yo jiska 85 pousan disi 2050***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Maine ak Rhode Island te siyen yon akò milti eta ke New York ap dirije, pou rejwenn Connecticut, Massachusetts ak New Jersey pou elabore yon pwopozisyon pou vin youn nan omwen kat sant rejyonal pou idwojèn pwòp yo deziyen atravè pwogram Sant Rejyonal pou Idwojèn Pwòp (Regional Clean Hydrogen Hubs) fedederal la ki enkli nan Lwa sou Envestisman ak Travay nan Enfrastruktir (Infrastructure Investment and Jobs Act) Bilateral la. Kowalisyon sis eta yo kounye a ak plis pase 60 patnè ekosistèm idwojèn pwòp la ap poze baz pou yon pwopozisyon pou opòtinite finansman Depatman Enèji (Department of Energy, DOE) Etazini an ta dwe anonse nan mwa septanm oswa oktòb avèk jiska 8 milya dola nan finansman total ki disponib. Anons jodi a fè avanse lidèchip chak Eta a nan deplwaman enfrastruktir idwojèn pwòp, epi li sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) New York la pou diminye emisyon gaz efè sè yo jiska 85 pousan disi 2050.

"New York kontan akeyi Maine ak Rhode Island nan gwoup patnè divèsifye ak dinamik sa a pandan n ap kontinye travay nou pou devlope ak enpleman yon vizyon pou yon sant rejyonal pou idwojèn pwòp ki fè avanse objektif klimatik pataje nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Konstwi yon mache idwojèn pwòp solid ak konekte atravè nòdès la pral bay yon altènativ pou enèji pwòp k ap chanje jwèt la ki pral transfòme kapasite nou pou nou atenn objektif klimatik pataje nou yo pandan l ap fè avanse inovasyon 21yèm syèk la epi ankouraje kwasans ekonomik solid nan tout rejyon an".

Depi [anons](#) inisyal nan mwa mas la, New York te kontinye ajoute patnè estratejik ki gen ladan kounye a 14 lidè endistri sektè prive, 12 sèvis piblik, 20 fabrikan ekipman orijinal (Original Equipment Manufacturer, OEM) teknoloji idwojèn, 10 inivèsite, sèt òganizasyon san bi likratif, senk lòt eta, de konpayi transpò ak twa ajans eta. New York pral kontinye angaje avèk eta ak antite ki enterese patisipe yo, yon fason pou solidifye rejyon an plis kòm yon sant idwojèn pwòp ki reyalizab.

Anplis Maine ak Rhode Island, nouvo patnè yo enkli:

- Advent Technologies
- Ambient Fuels
- Amogy, Inc.
- Charbone Hydrogen Corporation
- Connecticut Green Bank
- Edgewise Energy
- EDP Renewables North America
- Equinor
- H2/HPA Sonics
- Hyzon Motors Inc.
- Infinity Fuel Cell and Hydrogen, Inc.
- National Fuel Gas Distribution Corporation
- Nel Hydrogen
- NECEC (Konsèy sou Enèji Pwòp Nòdès ak Enstiti NECEC)
- Northville Industries Corp.
- NovoHydrogen, Inc.
- Pratt & Whitney
- Precision Combustion, Inc.
- Rensselaer Polytechnic Institute (Enstiti Politeknik Rensselaer)
- Rhode Island Energy
- Siena College
- Skyre, Inc.
- Peaks Renewables and Summit Utilities, Inc.
- University of Connecticut

Patnè Konsòsyòm yo te pran angajman pou kolabore avèk Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji nan Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA), ak Empire State Development (ESD) sou elaborasyon pwopozisyon pou fè avanse pwojè idwojèn pwòp yo. Eta k ap fè patenarya yo pral kowòdone tou ak antite eta respektif yo pou ede fè aliman efò konsòsyòm yo ak objektif klimatik ak enèji pwòp chak eta yo. Sa yo enkli objektif Lwa sou Solisyon pou Rechofman Global (Global Warming Solutions Act) Connecticut la pou redui emisyon gaz efè sè yo nan 80 pousan jiska 2050, objektif Massachusetts pou atenn emisyon kabòn nèt zewo disi 2050, objektif Lwa sou Repons ak Rechofman Global (Global Warming Response Act) New Jersey la pou diminye emisyon gaz efè sè yo nan 80 pousan jiska 2050, objektif

obligatwa Maine pou atenn netralite kabòn jiska 2045 epi redui emisyon gaz efè sè brit nan omwen 80 pousan jiska 2050 ak angajman Rhode Island pou atenn 100 pousan elektrisite renouvlab jiska 2033.

Plan Kadraj Konsèy Aksyon Klima New York la, ki te pibliye an desanm 2021, idantifye kabiran ki pa gen anpil kabòn tankou idwojèn pwòp kòm yon eleman enpòtan nan yon estrateji pou atenn objektif Lwa Klima a nan sektè ki difisil pou elektrifye, tankou transpò ak endistri lou.

**Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare,** "Avèk adisyon Maine, Rhode Island, ak patnè estratejik ki reprezante edikasyon, endistri, sèvis piblik yo, ak sektè san bi likratif la, nou te ranfòse plis yon gwoup patnè ki deja solid ak divèsifye ki reprezante tout chèn valè a soti nan inovasyon jiska itilizasyon final la. Ansanm, n ap mete rejyon an kòm yon lidè nan idwojèn pwòp pandan n ap dekarbonize epi travay pou rive gen yon ekonomi zewo emisyon ki mache avèk enèji pwòp renouvlab".

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa Otorite Enèji New York la, Justin E. Driscoll, te deklare,** "Kolaborasyon elaji sa a avèk Maine, Rhode Island ak lòt patnè ki pataje menm lide yo pral ogmante anpil valè pwopozisyon sant idwojèn pwòp nou an epi fè Nòdès la vin yon konkiran ki pi solid, ki gen plizyè aspè pou finansman atravè Depatman Enèji Etazini an. Teknoloji inovatè yo montre potansyèl idwojèn vèt la kòm yon altènativ kabiran fosil epi moman an apwopriye pou nou plonje pi fon nan anpil opòtinite ki pral diminye emisyon gaz efè sè yo, benefisye mendèv la epi ede konstwi yon ekonomi enèji pwòp".

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Objektif enèji pwòp New York yo se kle pou ekonomi vèt la pandan n ap konstwi yon avni dirab. Lidèchip kontinyèl nou pou kreyasyon yon sant idwojèn pwòp rejyonal vin pi solid toujou gras a eta ak patnè estratejik yo ki te rejwenn nou nan elaborasyon yon pwopozisyon ki pral bay aksè nan finansman federal ak opòtinite alavni".

Avèk egzekisyon akò sa yo, patnè yo pral travay ansanm pou:

- Defini vizyon ak plan pataje pou sant rejyonal pou idwojèn pwòp la ki kapab fè avanse inovasyon enèji idwojèn pwòp san danje ak investisman pou adrese chanjman klimatik, pandan l ap amelyore sante, rezistans, ak devlopman ekonomik rezidan rejyon an.
- Fè avanse pwopozisyon yon sant (Hub) ki fè klima ak jistis anviwònmantral tounen sant estrateji li a, ki pral bay opòtinite ak amelyore kalite lavi nan zòn ki pa gen ase resous atravè rejyon an.
- Fè rechèch ak analiz ki nesèsè pou sipòte pwopozisyon sant lan ak aliman sou apwòch pou mezire rediksyon emisyon gaz efè sè yo kòm rezilta deplwaman teknoloji sa a.

- Devlope yon kad pou asire ke yo pataje ekosistèm pou inovasyon, pwodiksyon, enfrastrikti, ak devlopman mendèv ki gen ak rapò yo atravè tout eta patnè yo.
- Sipòte opòtinite ki respekte anviwònman an pou devlope idwojèn pwòp, an akò ak règleman eta k ap patisipe yo.

Kowalisyon an pral kontinye konsantre sou entegre enèji renouvlab yo - tankou ewolyèn terès ak bò dlo, idwo-elektrisite ak solè fotovòltayik (PV) - ak enèji nikleyè nan pwodiksyon idwojèn pwòp epi evalyasyon idwojèn pou itilize nan transpò, tankou pou machin pwa mwayen ak pwa lou yo, endistri lou, pwodiksyon kouran elektrik ak aplikasyon maritim oswa lòt itilizasyon apwopriye ki koresponn avèk efò dekarbonizasyon yo

**Gouvènè Rhode Island, Dan McKee, te deklare,** "Rhode Island sou wout pou li vin premye eta nan peyi a ki atenn 100 pousan elektrikite renouvlab jiska 2033, epitou ki atenn yon rediksyon nèt zewo nan emisyon gaz efè sè yo jiska 2050. Sepandan, batay kont chanjman klimatik la chita sou kolaborasyon ant eta ak entènasyonal. Mwen fyè dèske Rhode Island rejwenn Sant Rejyonal pou Idwojèn Pwòp ke New York ap dirije a pandan n ap eksplòre bèl potansyèl idwojèn ofri, non sèlman kòm yon resous enèji pwòp adisyonèl, ki gen aplikasyon jeneral atravè sektè transpò ak endistriyèl nou yo, men tou nan ajoute nouvo travay nan ekonomi nou an".

**Direktè Biwo Enèji Gouvènè Maine lan, Dan Burgess, te deklare,** "Idwojèn pwòp se yon teknoloji eksitan ki gen potansyèl kwasans ekonomik ki ka redui emisyon gaz sè yo apati kabiran fosil yo. Nou pa ka tann pou nou travay avèk patnè rejyonal yo pou fè avanse opòtinite yo pou idwojèn pwòp, maksimize benefis Lwa sou Enfrastrikti Bilateral la epi ede eta nou an pwoteje anviwònman ak ekonomi nou an kont enpak kriz klimatik yo".

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Advent Technologies, Doktè Vasilis Gregorius, te kòmante,** "Nou kontan anpil pou nou rejwenn patenarya endistriyèl sa a nan yon moman gwo elan pou tranzisyon Etazini nan teknoloji enèji pwòp yo. Nou tout nan Advent anbrase kwayans ke monn lan ka dekarbonize pi vit lè nou adopte idwojèn pwòp ak pil a konbistib pou ranplase sous enèji konvansyonèl ak polyan yo ki itilize kabiran fosil. Nouvo patenarya sa a te ranpli nou avèk antouzyas ak anbasyon sou lavni ak potansyèl pou gen yon Etazini ki pi pwòp. Nou pa ka tann pou nou gen yon kolaborasyon reyisi avèk patnè Konsòsyòm yo, ansanm ak Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji nan Eta New York, Otorite Enèji New York, ak Empire State Development (ESD)".

**Prezidan Equinor Wind US, Siri Espedal, te deklare,** "Equinor kontan anpil pou l rejwenn patenarya Gouvènè Hochul ak NYSERDA a ap dirije a pou kreye yon sant idwojèn ki pral ede gwo endistri yo fè tranzisyon nan teknoloji ki pi vèt yo pandan l ap kreye opòtinite pou biznis rejyonal yo. Kòm yon transpòtè enèji ki adapte ak anviwònman an, idwojèn nan pral tounen yon kontribisyon prensipal pou devlopman

enèji dirab. Efò enpòtan sa a pral debloke teknoloji ki pral mete rejyon an nan avangad ekonomi idwojèn ak jwe yon wòl prensipal nan satisfè objektif enèji renouvlab yo".

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral pa Enterim Hyzon Motors, Parker Meeks, te deklare,** "Kowalisyon ant eta yo ak manm yo nan endistri a nan tout etap chèn valè idwojèn pwòp la non sèlman ranfòse pwopozisyon finansman kolaborasyon New York ap dirije a, men tou pèmèt planifikasyon pou kwasans alontèm ekosistèm idwojèn pwòp la nan Nòdès. Kolaborasyon sa a espesyalman enpòtan pou kreye enfrastrikti kabiran ki nesèsè pou dekarbonize transpò pwa lou nan koridò transpò prensipal rejyon an".

**Vis Prezidan Operasyon Gaz Rhode Island Energy, Michele Leone, te deklare,** "Kòm founisè enèji prensipal Rhode Island lan, nou eksite pou nou rejwenn efò sa a ki pral ede idantifye ak devlope pwomès idwojèn pwòp gen pou avni enèji pwòp nou an. Nou angaje pou nou ede eta a ak patnè rejyonal nou yo atenn objektif enèji pwòp pataje nou yo epi inisyativ sa a pral yon zouti enpòtan pou nou atenn yo".

**Vis Prezidan pa Enterim pou Rechèch, Inovasyon ak Antreprenarya UConn, Doktè Pamir Alpay, te deklare,** "Nesesite pou enèji pwòp ak renouvlab la pral sèlman kontinye grandi epi Uconn fyè de aktivite rechèch vas li yo ak pouwit edikatif li yo sou idwojèn pwòp ak pil a konbistib. Soti nan tèt lidèchip nou an, UConn te fè enèji pwòp, renouvlab tounen yon priyorite rechèch prensipal, jan fakilte nou an ki genyen prim montre sa, patenarya endistriyèl rejyonal ak mondyal yo, ak enstalasyon dènnye kri yo sou kanpis nou yo. Inivèsite nou an pran angajman pou l reponn defi teknoloji idwojèn pwòp yo prezante epi pou prepare nouvo jenerasyon etidyan Connecticut yo pou karyè nan domèn nan".

**Sekretè Afè Enèjetik ak Anviwònmanal Massachusetts la, Beth Card, te deklare,** "Pou nou atenn objektif klima anbisye yo, tankou rive nan zewo emisyon nèt gaz efè sè an 2050, nou dwe kontinye koperasyon rejyonal. Konbine eksplorasyon ak deplwaman nouvo teknoloji ak sous enèji renouvlab yo avèk kolaborasyon ki pi solid pou ede tout patnè yo fè pwogrè siyifikatif, dirab nan direksyon pou diminye efè chanjman klimatik yo, epi nou akeyi Eta Maine ak Eta Rhode Island nan akò sa ant plizyè eta".

**Komisè Connecticut DEEP, Katie Dykes, te deklare,** "DEEP kontan anpil pou l ajoute Maine ak Rhode Island nan ekip aplikasyon sant rejyonal pou idwojèn lan. Yon lòt fwa ankò, menm jan nou te fè ak Inisyativ Rejyonal sou Gaz Efè Sè a, nòdès la ap ouvri wout la nan kolaborasyon efikas pou lite kont chanjman klimatik ak polisyon lè danjere. Mwen gen konfyans ke travay di a pral pote gwo benefis pou Connecticut ak tout rejyon an nan pwofite finansman federal la pou investi nan teknoloji idwojèn pwòp, fè rediksyon enpòtan nan emisyon kabòn, epi kontinye devlope ekonomi enèji pwòp Connecticut la nan yon fason ekita".

**Direktè Biwo Enèji Pwòp ak Ekonomi Vèt Gouvènè a, Direktè Jane Cohen, te deklare,** "Anba lidèchip Gouvènè Murphy, règleman klimatik New York yo konsantre sou seme inovasyon teknolojik nan enèji pwòp ak devlope ekonomi vèt eta nou an, sa k ap mennen nan deplwaman plis pase 4,000 MW enèji solè ak gwo pwogrè nan

devlopman enèji ewolyen bò dlo. Nou kontan pou nou resevwa Rhode Island ak Maine nan kolaborasyon rejyonal sa a epi pa ka tann pou nou travay avèk Eta nou an ak patnè MOU yo pou elabore yon pwopozisyon solid pou finansman".

An jen 2022, Depatman Enèji (DOE) Etazini an te anonse gen yon premye Anons sou Opòtinite pou Finansman (Funding Opportunity Announcement, FOA) Sant Idwojèn Pwòp ki ta pral pibliye an septanm oswa oktòb 2022 kote yon prevwa 6-7 milya dola nan finansman k ap disponib. Yo prevwa finansman inisyal sa a pou sipòte 6-10 sant idwojèn pwòp epi yo pral akòde kèk tan an 2023; yon lòt 1-2 milya dola ka disponib pou pwochen lansman FOA oswa lòt aktivite sipò. Yo ka bay pwopozisyon jiska yon maksimòm 1.25 milya dola.

Pou plis enfòmasyon sou aktivite idwojèn nan Eta New York, tanpri vizite [sit entènèt NYSERDA](#) a.

### **Plan Klimatik Nasyonal Eta New York ki Alatèt Peyi a**

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan Lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.6 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe prèske 158,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2020, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)